

# Commonwealth Massachusetts

## DEPATMAN SÈVIS PIBLIK

### AVI POU DEPOZE, ODYANS PIBLIK, AK DEMANN POU KÒMANTE

D.P.U. 25-81

6 out 2025

Demann NSTAR Electric Company, d/b/a Eversource Energy, pou Depatman Sèvis Piblik yo apwouve pwopozisyon Pwojè Envestisman Enfrastrikti pou Rejjon New Bedford Konpayi an nan kad Pwogram Pwovizwa Depatman an te mete sou pye nan kad Pwogram Planifikasyon Sistèm Pwovizwa a, D.P.U. 020-75-B (2021).

---

Nan dat 30 jen 2025, NSTAR Electric Company, ki t ap opere sou non Eversource Energy (“NSTAR Electric” oubyen “Konpayi”), te voye yon pwopozisyon pwojè envestisman enfrastrikti (“CIP”) bay Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman an”) pou revizyon ak apwobasyon. Depatman an te anrejistre dosye sa a kòm D.P.U. 25-81.

Nan Pwogram Planifikasyon Sistèm Pwovizwa a, D.P.U. 20-75-B (2021), Depatman an te etabli yon nouvo kad pou planifikasyon ak finansman amelyorasyon sistèm alimantasyon elektrik (“EDC”) yon konpayi ki distribiye kouran (“EDC”) ki gen rapò ak koneksyon ki gen nan yon lokal pwodiksyon desantralize (“DG”), tankou yon enstalasyon solè (“Pwogram Pwovizwa”). Depatman an te etabli yon nouvo metòd repatisyon depans yo nan kad Pwogram Pwovizwa a, kote pri amelyorasyon EPS la (CIP a) ta pataje ant lokal DG ki konekte antre yo ak tout kontribyab EDC yo. Moun ki peye tarif yo pral kòmanse peye pri CIP kote y ap gen pou yo peye yon fakti kouran chak mwa, apre sa chak etablisman DG ki kapab konekte grasa amelyorasyon EPS la pral peye yon pati dapre sa yo itilize nan pri CIP a. Depans yo kolekte nan lokal DG sa yo pral retounen bay moun ki peye yo atravè yon kredi sou fakti kouran yo nan kad yon mwayen pou fè rekonsilyasyon. Yo pale sou egzijans pou Pwogram Pwovizwa a, ki gen ladan 1 fason depans yo ap distribiye, nan Lòd Depatman an ki etabli pwogram nan, D.P.U. 20-75-B. Pwogram Pwovizwa a la pou ankouraje devlopman ak koneksyon ki gen nan lokal DG yo ki fèt yon fason rapid e ki rantab. Atravè Lòd nou an ki apwouve Plan Modènizasyon Sektè Elektrik EDC a, Depatman an te pwolonje Pwogram Pwovizwa a, sa ki pèmèt EDC yo depoze nenpòt CIP ki posib ki pwopoze alavni jiskaske yo etabli yon Pwosesis Planifikasyon Sistèm alontèm oswa jan Depatman an ba yo lòt enstriksyon. Plan Modènizasyon Sektè Elektrik la, D.P.U. 24-10/D.P.U. 24-11/D.P.U. 24-12, at 343 (2024).

La a, pwopozisyon CIP NSAR Electric la fèt pou fè modifikasyon EPS pou pèmèt lokal DG yo konekte youn ak lòt nan ak ozalantou New Bedford, Freetown, ak East Freetown, Massachusetts. Yo pale sou amelyorasyon EPS yo ak zòn ki afekte a nan Etid Gwoup New Bedford la nan kad eleman Panel New Bedford nan dosye Konpayi an. NSTAR Electric prevwa pri total distribisyon an pou konplete modifikasyon sistèm yo nan kad pwopozisyon CIP 1 la ap apeprè \$71 milyon dola epi CIP yo pral pèmèt 59 megawatt ("MW") DG. Nan pri total la, NSTAR Electric pwopoze pou lokal DG yo peye \$32.7 milyon dola (46 pouzan) atravè yon frè CIP \$551/kilowat ('kW') epi moun ki peye tarif yo dwe peye rès la ki apeprè \$38.2 milyon dola (54 pouzan). NSTAR Electric pwopoze yon peryòd 20 an pou 1 rekipere depans moun ki peye tarif yo. Si Depatman an apwouve New Bedford CIP a, pral gen yon ogmantasyon nan tarif kouran nan teritwa sèvis NSTAR Electric la. Konpayi an panse enpak mwayen sou fakti chak mwa yo ta varye selon kategori tarif yo pandan peryòd rekiperasyon 20 an ki pwopoze a, ant 0.00 pouzan ak 0.3 pouzan. Pandan premye ane a, yon kliyan rezidansyèl nòmal (R-1) ki itilize an mwayèn 530 kilowat-èdtan ("kWh") pa mwa t ap wè yon ogmantasyon nan fakti chak mwa 1 ki se \$0.12, oswa 0.1 pouzan. Pandan premye ane a, yon kliyan rezidansyèl nòmal ki gen ti revni (R-2) nan zòn sèvis lès Massachusetts ki itilize an mwayèn 475 kWh pa mwa ta wè yon ogmantasyon nan fakti chak mwa 1 ki se \$0.06, oswa 0.1 pouzan. Pandan premye ane a, yon kliyan rezidansyèl nòmal (R-2) nan zòn sèvis lwès Massachusetts ki itilize an mwayèn 585 kWh pa mwa ta wè yon ogmantasyon nan fakti chak mwa 1 ki se \$0.08, oswa 0.1 pouzan.

Anplis de sa, dosye sa a konsène amelyorasyon enfrastrikti, si yo apwouve 1, ta dwe konstwi nan oswa toupre popilasyon ki pa sibi menm kalite enpak sou anviwònman an. Trete tout moun yon fason ki jis se yon priyorite pou Depatman an epi li pral yon gwo priyorite pandan tout ankèt nou an. Nou ankoraje tout moun ki entèrese pou bay kòmantè sou fason dosye sa a ta ka afekte yon popilasyon ki pa sibi menm kantite enpak sou anviwònman an, si yo apwouve 1.

Depatman an pral òganize yon odyans piblik a distans pou resevwa kòmantè sou dokiman Konpayi an te depoze a. Depatman an ka fè yon konferans sou pwosedi a tousuit apre odyans piblik la. Depatman an pral fè odyans lan sou vidéyo sou Zoom **mèkredi 10 septanm 2025, apati 3:00 p.m.** Patisipan yo ka rantre nan reyinyon an lè yo antre nan lyen an, <https://us06web.zoom.us/j/85441402397>, sou yon òdinatè, yon telefòn entèlijan, oswa yon tablèt. yo pa bezwen telechaje lojisyèl alavans. Pou yo jwenn aksè odyo sèlman nan odyans yo, patisipan yo ka rele **301-715-8592 (li pa gratis)** epi mete nimewo reyinyon an ki se **854 4140 2397**. Si w prevwa bay kòmantè sou Zoom pandan odyans piblik la, tanpri voye yon imel anvan **mèkredi 3 septanm 2025**, bay [annemarie.Belle@mass.gov](mailto:annemarie.Belle@mass.gov), [kristen.lommele@mass.gov](mailto:kristen.lommele@mass.gov), [katherine.e.stock@mass.gov](mailto:katherine.e.stock@mass.gov) kote w ap bay non w, imel ou, ak

adrès pou lapòs ou. Si w prevwa fè kòmantè pa telefòn, tanpri kite yon mesaj vokal anvan **mèkredi 3 Septanm 2025**, nan 617-305-3702 avèk non w, nimewo telefòn ou ak adrès lapòs ou.

Nenpòt moun ki entèrese fè kòmantè sou sijè sa a ka voye kòmantè pa ekri pa pita pase lè biwo fèmen (5:00 p.m.) **mèkredi 3 Septanm 2025**. Yo ka voye kòmantè ekri piblik la pa imel bay [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov), [annemarie.Belle@mass.gov](mailto:annemarie.Belle@mass.gov), [kristen.lommele@mass.gov](mailto:kristen.lommele@mass.gov), [katherine.e.stock@mass.gov](mailto:katherine.e.stock@mass.gov) ak bay avoka Konpayi a, John K. Habib, [jhabib@keeganwerlin.com](mailto:jhabib@keeganwerlin.com), Michael Hershberg, [mhershberg@keeganwerlin.com](mailto:mhershberg@keeganwerlin.com), ak Ashley Marton, [amarton@keeganwerlin.com](mailto:amarton@keeganwerlin.com). Tanpri sonje pou rezon transparans, n ap pibliye nenpòt kòmantè sou sit entènèt nou an jan nou resevwa yo epi san nou pa retire enfòmasyon pèsonèl, tankou adrès, nimewo telefòn, oswa imel. Se poutèt sa, reflechi sou kantite enfòmasyon ou vle pataje lè w ap voye kòmantè yo. Depatman an ankouraje piblik la pou yo voye kòmantè pa imel. Sepandan, si yon manm piblik la pa ka voye kòmantè pa ekri pa imel, yo ka voye yon kopi papye bay Mark D. Marini, Secretary, Department of Public Utilities, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Nenpòt moun ki vle patisipe yon lòt jan nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon demann pou pèmisyon pou patisipe pa pita pase 5:00 p.m. nan **mèkredi 3 septanm 2025**. Yon demann pou pèmisyon pou patisipe dwe respekte kondisyon tan ak sa ki dwe ladan 1 ki nan 220 CMR 1.03 a. Lè Depatman an resevwa demann nan, sa vle di yo depoze 1 epi li deside si yo te depoze yon demann alè. Yo ka refize yon demann yon moun depoze an reta paske li pa depoze alè, sof si yo bay yon bon rezon pou renonse dapre 220 CMR 1.01(4). Pou yo aksepte yon demann nan kad 220 CMR 1.03(1) la, li dwe reponn ak kondisyon G.L. c. pou depoze yon demann. 30A, § 10. Tout repons pou demann pou patisipe yo dwe depoze anvan fèmen jounen travay la (5:00 p.m.) nan dezyèm jou ouvrab apre yon moun fin te depoze yon demann pou patisipe.

Avoka Jeneral Commonwealth of Massachusetts la (“Avoka Jeneral”) te depoze yon avi pou patisipe nan dosye sa a dapre G.L. c. 12, § 11E(a). Anplis, dapre G.L. c. 12, § 11E(b), Avoka Jeneral la te depoze yon avi entansyon pou kenbe espesyalis ak konsiltan pou ede 1 nan ankèt li sou dosye Konpayi a epi li te mande apwobasyon Depatman an pou depanse jiska \$150,000 nan sans sa a. Ann amoni ak G.L. c. 12, § 11E(b), depans Avoka Jeneral la te fè anrapò ak rekritman espesyalis ak konsiltan 1 yo ka pase nan tarif Konpayi an. Nenpòt moun ki vle fè kòmantè sou avi Avoka Jeneral la ki di li gen entansyon pou 1 kenbe espesyalis ak konsiltan ka voye kòmantè alekri bay Depatman an pa pita pase lè biwo fèmen (5:00 p.m.) **mèkredi 3 septanm 2025**.

Tout dokiman yo dwe ale nan Depatman an nan fòma .pdf pa imel bay [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov), [annemarie.Belle@mass.gov](mailto:annemarie.Belle@mass.gov), [Kristen.lommele@mass.gov](mailto:Kristen.lommele@mass.gov), [akkatherine.e.stock@mass.gov](mailto:akkatherine.e.stock@mass.gov). Tèks nan imel la dwe presize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 25-81); (2) non moun oswa konpayi k ap voye dokiman an; epi (3) yon tit ki tou kout pou dekri dokiman an. Tout dokiman yo voye an fòma elektwonik pral afiche sou sit entènèt Depatman an atravè [Sal pou Depoze](#) sou entènèt nou an pi vit posib (pou jwenn aksè a nenpòt dokiman ki depoze, antre “25-81” sou liy pou “Docket No.” [“Nimewo Dosye”]). Anplis de sa, yo ta dwe voye yon kopi tout kòmantè ekri ak demann pou patisipe pa imel bay avoka Konpayi a, John Habib, Esq., [jhabib@keeganwerlin.com](mailto:jhabib@keeganwerlin.com); Michael Hershberg, Esq., [mhershberg@keeganwerlin.com](mailto:mhershberg@keeganwerlin.com); ak Ashley Marton, Esq., [amarton@keeganwerlin.com](mailto:amarton@keeganwerlin.com).

Dosye a ak tout dokiman ki gen rapò avè 1 yo, yo voye bay Depatman an oubyen ki soti nan Depatman an, ap disponib sou sit entènèt Depatman an jan sa endike pi wo a le pi vit posib. Nan nivo yon moun oswa yon antite vle voye kòmantè oswa patisipe ann akò avèk Avi sa a, voye 1 pa mwayen elektwonik, jan sa dekri pi wo a, sifi. Pou w mande materyèl nan fòma aksesib pou moun ki andikape (Bray, gwo karaktè, dosye elektwonik, fòma odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an nan [eadiversity@mass.gov](mailto:eadiversity@mass.gov) or (617) 626-1282.

Tradiksyon ak entèpretasyon pou pwosedi sa a disponib ann Espanyòl, Pòtigè, ak Kreyòl Ayisyen. Tradiksyon ak entèpretasyon nan lòt lang disponib sou demann. Pou w mande tradiksyon oswa entèpretasyon nan yon lang ki pa Anglè, tanpri kontakte Espesyalis Asistan Legal Kaylee Burgess nan [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov) disi **mèkredi 3 septanm 2025**.

Pou plis enfòmasyon konsènan dosye Konpayi a, tanpri kontakte avoka Konpayi a, ki idantifye pi wo a. Pou plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, tanpri kontakte Annemarie Belle, Katherine Stock, Ofisyè Odyans yo, ak Kristen Lommele, Konseye Politik Espesyal sou Chanjman Klima, Depatman Sèvis Piblik yo, nan [annemarie.belle@mass.gov](mailto:annemarie.belle@mass.gov), [katherine.e.Stock@mass.gov](mailto:katherine.e.Stock@mass.gov), ak [kristen.lommele@mass.gov](mailto:kristen.lommele@mass.gov).

## TRANSLATION AND INTERPRETATION SERVICES

### **English**

**ATTENTION:** Translation and/or interpretation services are available upon request. Please email Kaylee Burgess at [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov) to request language services, specifying your preferred language and contact information.

### **Português (Portuguese)**

**ATENÇÃO:** Disponibilizamos nossos serviços de tradução e/ou interpretação de acordo com a sua demanda. Para solicitar um serviço linguístico, envie um e-mail para Kaylee Burgess através do endereço [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov), informando o idioma desejado e seus dados para contato.

### **(Traditional Chinese)**

提醒您：您可依照需求申請筆譯和/或口譯服務。請以電郵聯絡Kaylee Burgess ([dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov)) 來申請語言服務請求，請在電郵內註明需要的語言和聯絡資訊。

### **Tiếng Việt (Vietnamese)**

**LƯU Ý:** Các dịch vụ biên dịch và/hoặc phiên dịch có sẵn theo yêu cầu. Vui lòng gửi email đến Kaylee Burgess theo địa chỉ [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov) để yêu cầu dịch vụ ngôn ngữ, nêu rõ ngôn ngữ ưa thích của quý vị và thông tin liên lạc

### **Español (Spanish)**

**ATENCIÓN:** Los servicios de traducción y/o interpretación están disponibles bajo solicitud. Por favor envíe un correo electrónico a Kaylee Burgess en [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov) para solicitar los servicios de idiomas, especificando su idioma preferido e información de contacto.

### **中文 (Simplified Chinese)**

提醒您：您可依需要申请提供笔译和/或口译服务。请发送电子邮件给 Kaylee Burgess ([dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov)) 来申请语言服务要求，并注明您的首选语言和联系信息。

### **Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole)**

**ATANSYON:** Gen sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon ki disponib sou demann. Tanpri voye imèl bay Kaylee Burgess nan [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov) pou mande sèvis lang, ki enfòme lang ou pi pito a ak enfòmasyon kontak ou.

### **Français (French)**

**ATTENTION :** Des services de traduction et/ou d'interprétation sont disponibles sur demande. Veuillez envoyer un e-mail à Kaylee Burgess à l'adresse [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov) pour demander des services linguistiques, en

précisant votre langue préférée et vos coordonnées.

**(Arabic)**  
العربية

يُرجى الانتباه: تتوفر خدمات الترجمة و/أو الترجمة الفورية عند الطلب.  
لطلب خدمات لغوية يُرجى التواصل مع Kaylee Burgess بارسال رسالة إلكترونية إلى العنوان [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov)، تحدد فيها اللغة المفضلة لديك وتذكر معلومات الاتصال.

**Русский (Russian)**  
ВНИМАНИЕ!


Услуги письменного и/или устного перевода предоставляются по запросу. Для запроса услуг перевода обращайтесь к Kaylee Burgess по адресу [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov). В запросе укажите язык перевода и контактную информацию.

**ខ្មែរ (Khmer)**

សូនចំពោះ សេវាបកប្រែកសារ  
ទិន្នន័យ/ប្រព័ន្ធបកប្រែកសារ  
គឺមានតាមការស្វែងរកសំខាន់សំខាន់  
Kaylee Burgess តាម [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov)  
ដើម្បីស្វែងរកបញ្ជីការងារ  
ដែលបញ្ជីការងារនៃក្រសួងនាំរៀបចំបណ្តុះបណ្តាល  
និងក្រសួងនាំរៀបចំបណ្តុះបណ្តាល។

**한국 (Korean)**

주의: 요청 시 번역 및/또는 통역 서비스가 제공됩니다. Kaylee Burgess에게 [dpu.ej@mass.gov](mailto:dpu.ej@mass.gov)로 이메일을 보내 선호하는 언어와 연락처 정보를 명시하여 언어 서비스를 요청하십시오.



# Commonwealth Massachusetts

## DEPATMAN SÈVIS PIBLIK

### LÒD AVI

D.P.U. 25-81

6 out 2025

Demann NSTAR Electric Company, d/b/a Eversource Energy, pou Depatman Sèvis Piblik yo apwouve pwopozisyon Pwojè Envestisman Enfrastrikti pou Rejyon New Bedford Konpayi an nan kad Pwogram Pwovizwa Depatman an te mete sou pye nan kad Pwogram Planifikasyon Sistèm Pwovizwa a, D.P.U. 20-75-B (2021).

Konpayi NSTAR Electric, ki rele Eversource Energy (“Antite K ap Fè Demann nan”) dwe, pa pita pase **mèkredi 13 out 2025**: (1) distribye Avi pou Depoze ak Odyans Piblik ki atache a pa mwayen elektwonik (“Avi”) bay lis distribisyon elektwonik pou D.P.U. 25-81 ak tout manm Etid Gwoup la ki idantifye nan dosye a; (2) pibliye Avi ann Anglè swa nan The Boston Globe oswa nan Boston Herald epi Avi an Pòtigè, Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen nan jounal presi nan lang ki apwopriye yo; epi (3) voye yon kopi Avi a bay Majistra yo, Prezidan Konsèy Seleksyon yo, Grefye Minisipal yo, ak Grefye Minisipal vil/komin kote pwojè envestisman enfrastrikti yo pwopoze a, kote sa posib, sèvis sa a ka fèt pa mwayen distribisyon elektwonik. Depatman an bay antite k ap fè demann nan enstriksyon pou 1 kontakte minisipalite ki afekte yo pou deside si gen òganizasyon lokal ki sipòte popilasyon rezidansyèl ki gen ti revni ak/oswa gwoup minorite epi pou 1 distribye Avi a ak nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan yo mande sou pwosedi sa a (pa egzanp, Rezime an Langaj Senp) bay òganizasyon sa yo.

Depatman an bay antite k ap fè demann nan enstriksyon tou pou 1 pran dispozisyon pou 1 mete Avi a yon kote ki vizib nan bïlding minisipal yo, bibliyotèk lokal yo, ak nenpòt lòt kote yo itilize anpil nan minisipalite ki sijè pwosedi sa a (pa egzanp, YMCA). Anplis de sa, antite k ap fè demann nan dwe remèt yon kopi Avi a bay nenpòt moun ki te depoze yon demann pou avi bay Antite k ap fè demann nan. Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman an”) twouve peryòd sa a ak mwayen pou avi a rezonab epi koresponn ak enterè piblik la. Epitou, nan twa jou ouvrab apre li fin resevwa Avi ki atache a, antite k ap fè demann nan dwe mete Avi a yon kote ki vizib sou sit entènèt li a omwen jiska **mèkredi 10 septanm 2025**. Moun ki fè demann nan dwe remèt la bay Depatman an nan dat odyans piblik la.

Ki Soti nan Lòd Depatman an,

/s/  
Mark D. Marini, Seketè